# Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары тайынланды

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Финанс, экономика ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары - Экономикалық раўажланыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министри лаўазымына Ерлепесов Нуруллан Умирзакович тайынланды.




Ерлепесов Нуруллан Умирзакович мийнет жолы даўамында Қарақалпақстан Республикасы Монополиядан шығарыў ҳәм бәсекини раўажландырыў мәмлекетлик комитети баслығы, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыў мәселелери бойынша орынбасары, Өзбекстан Республикасы Экономика ҳәм санаат министрлиги Машинасазлық ҳәм электротехника санаатын раўажландырыў басқармасы баслығы, Өзбекстан Республикасы Экономика ҳәм санаат министрлиги жанындағы Тармақ базарлары ҳәм экспортқа бағдарланған өндирис изертлеўлери орайы директоры, Өзбекстан Республикасы Экономика ҳәм санаат министрлиги Санаат өнимлери базарын раўажландырыў ҳәм турақластырыў стратегиясы департаменти баслығы, Өзбекстан Республикасы Экономикалық раўажланыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министрлиги Санаат сиясатын жүргизиў депортаменти директоры сыяқлы жуўапкершиликли лаўазымларда ислеп келген.



ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети